

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kagiatan komunikasi aya hal anu raket patalina jeung istilah kabasaan, nyaéta wacana. Wacana mangrupa wangun basa anu pangjembarna, anu diwangun ku runtuyan kalimah. Wacana atawa *discourse* mangrupa kecap serepan tina basa Yunani, nyaéta *discursus*, dina basa Inggris *discourse*. Wacana miboga harti lulumpatan, boh lulumpatan ka ditu boh lulumpatan ka dieu (Humaira, 2018, kc. 33). Wacana bisa ogé dihartikeun kagiatan komunikasi ngaliwatan média, nyaéta kalimah anu ditepikeun sacara langsung ti panyatur ka pamiarsa, saperti gagasan, paguneman, ceramah, hutbah, jeung kuliah umum. Salian ti panyatur ka pamiarsa, wacana bisa ogé ditepikeun ngaliwatan média tinulis atawa téks, saperti karangan jeung karya tulis.

Boh lisan boh tinulis, runtuyan kalimah dina wacana sipatna sampurna. Hartina kalimah dina wacana teu merlukeun dadasar anu tangtu, nyaéta klausa bébas. Anu jadi bagéan penting dina wacana mah nyaéta eusi kalimahna. Kalimah dina wacana kabagi jadi opat wanda, di antarana kalimah asértif, kalimah éksprésif, kalimah impositif, jeung kalimah komisif (Sudaryat, 2020, kc. 19).

Tina opat wanda kalimah dina wacana, salah sahij wanda kalimah anu dipilih pikeun ieu panalungtikan nyaéta kalimah éksprésif. Kalimah éksprésif miboga fungsi pikeun celuk atawa cumeluk, jeung bituna rasa hiji jalma, anu wujud pragmatisna nyoko kana sabelas ma'na, di antarana nyarékan, ngawilujengkeun, cumeluk, reuwas, tumamprak, karumasaan, bungah, kanyeri, mupuas, geuleuh, jeung keuheul. Tujuan milih salah sahiji wanda kalimah dina wacana, nyaéta sangkan ambahan panalungtikan fokus dina hiji pedaran.

Kalimah éksprésif dipilih jadi fokus pedaran panalungtikan lantaran dina peristiwa komunikasi tangtuna ngandung éksprési anu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa, ngaliwatan média lisan atawa tinulis. Ku kituna, sangkan éksprési dina peristiwa komunikasi bisa kabuktikeun, ieu panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif dilaksanakeun.

Salian wacana dina kagiatan komunikasi, wacana ogé raket patalina jeung téks. Téks atawa wacana nyaéta hiji kabasaan anu panggedéna atawa panglengkepna, anu ngawengku téks lisan atawa téks tinulis (Isodarus, 2017, kc.1). Nurutkeun Sobur (dina Pratiwi, 2018, kc. 4) téks mangrupa tanda anu dikirimkeun ti panyatur ka pamarasa ngaliwatan média atawa kode-kode anu tangtu. Eriyanto (dina Pratiwi, 2018, kc. 4) ogé nétélakeun yén téks téh hampir sarua jeung wacana, namung anu ngabédakeunna tina média pikeun nepikeunana. Téks mah ditepikeun dina wangun tinulis, ari wacana mah bisa ditepikeun dina wangun lisan atawa tinulis. Wacana jeung téks tangtu teu bisa leupas tina hal wangun basa anu pangjembarna. Ku kituna, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta kumpulan carpon anu judulna *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

Kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS medal taun 2022, terbitan Pustaka Jaya, Bandung. Kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS ngawengku 16 judul carita pondok anu kabagi jadi dua bagéan. Bagéan kahiji ngawengku 8 judul carita pondok, anu jejer caritaanana ngeunaan lingkungan sosial budaya dina kasang kahirupan basisir kulon Pulo Jawa, Banten, Pandeglang, kalayan ngagunakeun gaya basa wewengkon Banten. Bagéan kadua dina ieu kumpulan carpon ngawengku 8 judul carita pondok, anu jejer caritaanana ngébréhkeun rasa prihatin ngeunaan pasualan hirup manusa di kota, alam nu ruksak, sarta katelengesan anu ngabalukarkeun karuksakan moral manusa, kalayan ngagunakeun basa Sunda lulugu. Kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS suksés ngahontal Hadiah Sastra Rancagé taun 2023 dina katégori Sastra Sunda. Ku kituna, kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS jadi sumber data panalungtikan lantaran ayana ciri has dina gaya basa anu digunakeun ku panulis, anu ngabalukarkeun unggal judul carita pondok ngandung kalimah éksprésif anu mibanda ma'na sarta ngandung harti pragmatis.

Panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana nyaéta “Kalimah Éksprésif dina Carita *Nyambung Misteri Haur Geulis* pikeun bahan ajar Paguneman di SMP kelas VII (Ulikan Struktural jeung Semantik)” ku Novi, Anggi A. R, taun 2015, “Wanda Kalimah Éksprésif dina Novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E” ku Fanni Rahma Vanesa, taun 2016, “Adegan Kalimah Éksprésif dina Téks Paguneman Siswa Kelas VII

SMPN 12 Bandung Taun Ajaran 2017/2018” ku Febria Pra Fitriyanti, taun 2018, jeung “Kalimah Éksprésif dina Novel *Babalik Pikir* kaya Samsuedi (Ulukan Prinsip jeung Maksim Pragmatis)” ku Sinta Kurnia, taun 2023.

Ieu panalungtikan téh aya sasaruana ogé bédana jeung panalungtikan saméméhna. Sasaruanaana jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar ngeunaan kalimah éksprésif. Anapon nu jadi pangbéda jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sumber data anu ditalungtik. Panalungtikan saméméhna ngagunakeun sumber data bahan ajar, téks paguneman, jeung novél. Dina panalungtikan taun 2023 ngagunakeun novél minangka sumber data panalungtikanana, namung ambahan ulukanana medar ngeunaan kalimah éksprésif tur prinsip jeung maksim pragmatis. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Kalimah Éksprésif dina Kumpulan Carpon *Surat ti Palmira* Karya Hadi AKS” bisa dilaksanakeun, ku sabab ambahan panalungtikanana museur kana pedaran kalimah éksprésif katut ma’na jeung harti pragmatis dina gaya basa wewengkon Banten jeung basa Sunda lulugu, anu digunakeun ku panulis dina masing-masing bagéan. Salian ti éta, sumber data dina ieu panalungtikan can pernah digunakeun saméméhna, nyaéta kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS anu dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2023.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu dipedar di luhur, dirumuskeun tilu rumusan masalah, saperti ieu di handap.

- 1) Kalimah éksprésif naon waé nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS?
- 2) Kumaha ma’na kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS?
- 3) Kumaha harti pragmatis kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun kalimah éksprésif dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya

Hadi AKS. Tujuan ieu panalungtikan nyoko kana dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun kalimah éksprésif dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) Kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS;
- 2) Ma'na kalimah éksprésif dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS; jeung
- 3) Harti pragmatis kalimah éksprésif dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dumasar kana tujuan panalungtikan, mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta (1) mangpaat tioritis jeung (2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh dina widang élmu pragmatik, hususna ngeunaan kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung harti pragmatis kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtikan séjén, atikan, jeung nu maca.

- 1) Pikeun panalungtik séjén, dipiharep bisa dijadikeun référénsi panalungtikan lianna, anu aya patalina jeung kalimah éksprésif.
- 2) Pikeun atikan, dipiharep bisa digunakeun pikeun bahan ajar tur référénsi dina kagiatan pembelajaran.
- 3) Pikeun nu maca, dipiharep bisa ngajembaran widang élmu pangaweruh, hususna dina widang élmu pragmatik, nyaéta kalimah éksprésif.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, nyaéta Bab I minangka Bubuka, Bab II minangka Ulikan Tiori, Bab III minangka Méthode Panalungtikan, Bab IV minangka Hasil jeung Pedaran, sarta Bab V minangka Panutup.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta nu pamungkas ngeunaan raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori nu patali jeung pragmatik, kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung harti pragmatis kalimah éksprésif. Salian ti éta, dina ieu bab medar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir dina ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan, dumasar kana hasil tina analisis data ngeunaan kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung harti pragmatis kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

Bab V Panutup, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.